



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 20 MILYON DOLA KOUNYE A DISPONIB POU KOMINOTE HUDSON VALLEY AK KOMINOTE LONG ISLAND YO KE SIKLÒN IDA TE AFKTE ANVAN DEZYÈM ANIVÈSÈ TANPÈT LA

Se yon pati nan inisyativ konplè 68 milyon dola ki gen kat pati ki ede kominote yo, devlopman lojman abòdab yo, lokatè yo, ak pwopriyetè kay yo ekipere yo epi kenbe tèt ak fiti tanpèt yo

RFP yo ouvri kounye a pou òganizasyon san bilikratif yo pou ede pwopriyetè kay yo ak domaj tanpèt yo atravè pwogram reparasyon ak ranbousman an epi pou gouvènman lokal yo aplike pwojè dirabilite kominotè yo atravè pwogram investisman fleksib yo

Dat limit pwopozisyon yo se 27 oktòb

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 20 milyon dola disponib kounye a pou de pati [nan inisyativ Eta a pou ede kominote yo ak pwopriyetè kay yo](#) kontinye rekipere yo anba efè devastatè Siklòn Ida yo. Tanpèt la te ateri nan New York dezan pase nan dat 1e septanm 2021, epi li te afekte 10 konte ak pi gwo domaj andeyò Vil New York ki te fèt nan Westchester. Inisyativ konplè Eta a anglobe kat pwogram diferan ki pral rann kominote yo ak kay lokatè yo ak pwopriyetè kay yo vin pi an sekirite ak pi rezistan kont tanpèt alavni yo. Demann pou Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFP) [ouvè kounye a](#) pou de nan pwogram lan ki vize pou ede pwopriyetè kay yo epi fasilite pwojè rezistans kominotè yo. Pwogram yo ap ouvè pou konte ki pa nan Vil New York yo ak yon deklarasyon katastwòf prezidansyèl pou asistans endividyèl, ki enkli, Konte Dutchess, Nassau, Orange, Rockland, Suffolk, ak Westchester. Vil New York ap administre pwòp pwogram rekipasyon pa li.

"Pandan New York ap kontinye efò sekou apre devastasyon Siklòn Ida a, finansman enpòtan sa a pral ede plizyè milye Nouyòkè rebati kay yo epi kreye kominote ki pi solid, ki pi an sekirite epi ki pi fleksib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan dezan anivèsè Siklòn Ida a, m ap reyafime angajman mwen pou m sipòte Nouyòkè ki te afekte nan tanpèt la epi asire eta nou an konplètman prepare pou pwochen gwo evènman metewolojik la."

RFP yo ouvri kounye a pou:

- **Pwogram Reparasyon ak Ranbousman 15.6 Milyon Dola** disponib pou òganizasyon san bi likratif yo pou ede pwopriyetè kay yo fè reparasyon pou domaj tanpèt yo ak/oswa ranbousman ki an sekirite pou reparasyon ki fini yo. Yo pral priyorize fwaye k ap touche 80 pousan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti pou kalifikasyon epi yo dwe demontre ke kay yo te domaje akòz Ida.
- **Pwogram Investisman pou Rezistans 4 Milyon Dola** a ede gouvènman lokal yo ak asistans teknik ak/oswa planifikasyon fon pou aplike pwojè rezistans kominotè a ki pral amelyore pwoteksyon pou alafwa enfrastrikti ak estòk lojman lokal nan ka ta gen tanpèt alavni.

RFP yo pral ouvri nan semèn ak mwa k ap vini yo pou rès pwogram yo:

Pwogram Rezistans Lojman Abòdab la pral fè investisman nan mezi rezistans nan konplèks lojman piblik ak abòdab, epi pwogram Lojman Rezistan pou Lokatè a pral ede lokatè yo ak ti pwopriyetè ki gen inite yo ki te domaje nan tanpèt la oswa ki bezwen aplike mezi rezistans pou pwoteje kont tanpèt fiti yo.

Inisyativ ki gen kat pati a administre pa Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan Eta New York la ki nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a (ansyen non li se Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR)) ak Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant) - Fon Rekiperasyon Dezas ki soti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini an. Dapre akò Eta a ak HUD, 80 pousan nan fon yo prale nan Konte Westchester.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Inisyativ rekiperasyon apre Siklòn Ida nou an pral ede fanmi ki afekte pa tanpèt la pou fè reparasyon nan kay pa yo, epitou pou asire nou ka pi byen reziste kont evènman move tan alavni yo. Nou pa ka tann pou nou travay ak patnè nou yo pandan n ap rekonstwi kominote ki pi byen ak pi rezistan."

Inisyativ rekiperasyon apre Siklòn Ida a ogmante angajman New York pou l investi nan rekiperasyon ak rezistans kont tanpèt. Ane pase, votè yo te apwouve [Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal](#) (Environmental Bond Act) pou mete plis pase 4 milya dola disponib pou pwoteje kalite dlo, ede kominote yo adapte yo ak chanjman klimatik yo, redwi polasyon, epi kreye travay vèt. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te fè Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan tounen [yon biwo pèmanan](#) pou dirije efò repons Eta a pou katastwòf yo epi enkòpore planifikasyon rezistans alontèm nan pwosesis rekiperasyon tapre anpèt la. Dènyèmman li te mete priyorite sa yo an aksyon, nan kòmansman ete sa a li te anonse yon pake aksyon konplè pou [ede Nouyòkè ki te afekte nan inondasyon an jiyè a](#) ki gen ladan jiska 6 milyon dola nan asistans ijans pou pwopriyetè kay ki gen revni ki ba ak mwayen yo.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Siklòn Ida te devaste kominote yo atravè Hudson Valley ak Long Island, sa ki lakòz plizyè milyon domaj sou wout, biznis ak nan plizyè santèn kay. Mwen fyè pou m ede bay asistans enpòtan sa a pou mete fanmi yo, biznis yo ak pwopriyetè kay yo sou wout rekiperasyon an, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou asire rezidan yo atravè Hudson Valley ak Long Island yo gen tout resous yo bezwen pou yo rebati apre Ida pi fò pase anvan."

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Pandan n ap pwoche 2èm anivèsè Siklòn Ida a ak anpil rezidan ak kominote atravè distri mwen an ap kontinye rebati kay ak enfrastrikti pa yo, nou konnen pa gen yon solisyon inik pou tanpèt sa yo ki deplizanpli rive souvan ak entans. Eta New York ak gouvènman federal la dwe kontinye idantifye resous pou travay esansyèl sa a. Mwen apresye angajman Gouvènè Hochul pran pou asire finansman sa a ede rezidan yo ak kominote yo peye pou reparasyon ak asistans teknik ki nesèsè anpil pou konstwi kominote ki pi rezistan. Kòm tanpèt k ap apwoche yo fè nou sonje, tout kominote nou yo vilnerab, epi nou bezwen fè plis pou asire tout kominote nou yo ak rezidan yo gen sipò esansyèl sa a."

Manm Asanble Steve Otis te deklare, "Biwo Eta New York pou Kay ak Kominote Rezistan ap ofri pwogram sible ankò pou fanmi ki te soufri domaj nan evènman tanpèt yo. Gouvènè Hochul te vini nan Westchester apre Ida pou wè domaj tanpèt sa gen dezan. Antanke yon defansè pwogram preparasyon pou tanpèt depi lontan, mwen rekonesan pou pwogram sa yo ak lòt pwogram New York te etabli an repons a evènman domaj tanpèt nou te eksperimente atravè eta a."

Manm Asanble Gina Sillitti te deklare, "Sa gen dezan, mwen te vizite rezidan yo atravè distri mwen an ki te devaste pa efè Siklòn Ida epi mwen te pwomèt mwen pa t ap bliye yo. Ane pase a, youn nan pi gwo priyorite mwen yo se te jwenn lajan nan bidjè eta a pou bay resous pou moun ki t ap lite pou rekonstwi apre domaj tanpèt la te koze. Mwen kontan dèske pwogram sekou sa yo sou wout pou ouvri pou pwopriyetè kay yo ak kominote yo kapab finalman restore."

###